



**MISYON NAZAREYEN  
ENTÈNASYONAL**

**SEMÈN  
LAPRIYÈ  
MONDYAL LA**

**20**

**22**



# ENDÈKS

---

## JOU 1

Konsèy Sirèntandan Jeneral

## JOU 2

Rejyon Afrik

## JOU 3

Rejyon Azi-Pasifik

## JOU 4

Rejyon Ewòp-Azi

## JOU 5

Rejyon Mesoamerik

## JOU 6

Rejyon Amerik di Sid

## JOU 7

Rejyon Ozetazini-Kanada

# ENTWODIKSYON

**Depi nan konmansman an, ministè Misyon Nazareyen Entènasyonal la (MNI) te priye pou travay legliz mondyal la. Kòm yon denominasyon atravè lemond k ap sèvi nan 164 rejyon nan mond lan, nou fè efò pou konekte e nou leve youn ak lòt nan lapriyè. Dezi sa a pa inik nan Legliz Nazareyen an. Yon kè pou misyon ak travay wayòm Bondye a isit sou tè a te toujou kè Legliz la. Depi 1887, te gen yon apèl pou priye pou misyon ki te pote rezilta yon Jounen Mondyal lapriyè.**

**Mouvman sa a fèt atravè lemond e li pwolonje nan tout lòt legliz yo. Jounen Mondyal Lapriyè a tonbe nan premye Vandredi nan mwa Mas chak ane.**

**An 1996, Misyon Nazareyen Entènasyonal la te rantre nan mouvman sa a pou obsève yon semèn priyè ki santre sou rasableman kòm pèp Nazareyen atravè mond lan pou leve f rè ak sè nou yo nan lapriyè. Nou menm tou n ap priye ansanm ak f rè e sè nou yo ki pa fè pati legliz Nazareyen pou obsève semèn lapriyè nou an nan menm semèn ak jounen Lapriyè Mondyal la.**

**Mèsi paske w patisipe ansanm avèk nou nan Semèn Lapriyè Mondyal la.**



## JOU 1

# KONSÈY SIRÈNTANDAN JENERAL

Nan ane ki sot pase yo, legliz la te frape anpil akòz pandemi mondyal la. Pandan legliz la te afekte, nou te wè tou fason legliz la te kapab chanje epi konte sou nouvo modèl ministè pandan n ap chèche fè disip ki sanble ak Kris nan tout nasyon yo. Anpil fwa, pastè nan premye liy e yo bezwen lapriyè ak sipò nou. Yo vin pi fatige e yo bezwen ankourajman Senyè an, men ankourajman pèp Bondye a tou.

Se pou nou sonje tou sirentandan distri nou yo, kowòdonatè estrateji cham yo, ak direktè rejyonal nan priyè nou tou. Yo tout ap ajiste travay pou kontinye kòm bon minis levanjil. Mond nou an bezwen espwa anpil e se bon nouvèl levanjil la ki ka gen yon enpak pozitif sou lavi pa yo.



Nou kontinye lanse “Pakou de Gras” atravè mond lan. Anfaz sa sou fe disip soti nan gras ki cheche nou, li pase sou gras ki sove nou e li rive nan gras ki sanktifye nou, tout sa yo se pou fome lavi pèp nou an. Nou sèvi ak moun ki bezwen konnen Jezikri, nan tout laj yo. Bondye ap travay, nan timoun piti ki nan yon kan refijye ann Afrik, oubyen nan yon moun Ozetazini ki libere anba soumisyon an. Nou bezwen priye pou plis chemen ouvri pou nou ka vin fe plis disip atravè mond lan.



# JOU 1

## KONSÈY SIRÈNTANDAN JENERAL



Nou priye pou Senyè a ede nou kontinye pataje bon nouvèl Jezikri atravè mond lan. Gen anpil obstak nan jou sa yo, tankou restriksyon gouvènman ak difikilte pou jwenn dokiman ofisyèl yo. Anmenmtan, nou raple nou pou patisipe nan Gran Komisyon an, angaje ak moun atravè mond lan ki bezwen konnen Kris.

Pou kèk moun, sa rive nan kominote lokal yo, pandan ke lòt moun yo te rele pou travès fwontyè entènasyonal yo pou pale ak lòt moun sou Jezi Kris. Mario ak Irma Martínez te reponn apèl la e yo te kite kay yo nan Amerik di Sid epi yo te vwayaje nan kontinan Afriken an pou yo sèvi kòm misyonè. Bondye te itilize yo nan yon fason pwisan pou gen enpak sou kominote y ap sèvi pou Jezikri.





# JOU 2 REJYON AFRIK

## LWANJ

Nou lwè Bondye pou divès sèvis òdinasyon ki te fèt nan rejyon nou an: Kòt Divwa, Lafrik di sid, Mozanbik, Angola ak Cape Verde. Nou selebre fason Bondye kontinye rele moun ann Afrik. Legliz la ann Afrik ap reponn ak matirite.



Kòt Divwa



Lafrik di sid



Mozanbik



Angola



Cape Verde



# JOU 2 REJYON AFRIK

## LWANJ

Nou selebre 120yèm anivèsè depi levanjil la rive atravè Legliz Nazareyen la nan Cape Verde. Selebrasyon an te kòmanse nan zil Santiago ak plis pase 1,000 moun ki prezan. Otorite peyi a te prezan tou. Pwen prensipal selebrasyon an te fèt nan zil Brava, kote travay Legliz Nazareyen ann Afrik te kòmanse depi 120 lanè ak Reveran João Josè Dias, yon Cape Verdeyen ki te imigre Ozetazini, ki te konvèti e ki te voye retounen pou pataje levanjil la ak pèp li a. Li te fè eksperyans pèsekisyon okòmansman, men Bondye te beni nasyon an. Jodi a, legliz la nan Cape Verde ap selebre 120 lanè.





# JOU 2

# REJYON

# AFRIK


## REKÈT

Priye pou pwoblèm sosyo-politik ak ekonomik Eswatini ki te kòz manifestasyon ak ajitasyon sivil. Ann priye pou lapè ni pou pèp la ni pou dirijan peyi a.

Priye pou lapè nan peyi Letiopi. Priye pou lidèchip ki soti nan tout kote yo sispann ofansif militè yo epi kreye opòtinite pou dyalòg pou lapè ak establiite.

Priye pou aplikasyon Estrateji

Aks ki te apwouve pa Konsèy Sirentandan Jeneral yo. Estrateji Aks pral ede legliz la ann Afrik reponn ak sa Bondye ap fè sezon sa a. Ekip rejyonal Lafrik la pral konsantre sou cham ki bezwen resous yo pou gen matirite pandan y ap ankouraje legliz la ann Afrik pou pran responsablite pou yo vini yon legliz ki voye. Biwo rejyonal Afrik la pral vini prezan nan twa kote: Abidjan (Kot Ivory), Johannesburg (Lafrik di sid) ak Nairobi (Kenya).





# JOU 3

# REJYON

# AZI-PASIFIK

## LWANJ

Ann di mèsì pou moun nan tout rejyon an k ap reponn lapel pou sèvis misyonè ak pastoral ak pou moun ki kòmanse sèvi.

Cham Ostrali-Nouvèl Zeland te travay an patenarya ak Nouvèl Zeland Tear Fund ak gouvènman Nouvèl Zeland pou ranmase lajan pou Lopital Kudjip Nazarene nan Papuazi Nouvèl Guinè. Ansanm, yo ranmase 245,000 dola ameriken pou ede reponn ak KOVID-19 nan Highlands, Papuazi Nouvèl Guinè..

Cham Filipin-Mikwonezi te ranmase 4,400 dola ameriken, lajan pou Myanma, pou yo te lage nan distri yo ak 17 etidyan Seminè Teyolojik Nazareyen Azi-Pasifik yo ki pa t kapab retounen lakay yo akòz pandemi ak ajitasyon sivil nan Myanma.

Cham Sealands te distribye plis pase 4,000 asyèt manje pou vwazen yo ki nan bezwen pandan pandemi an, y ap pataje levanjil la nan yon fason pratik.



## REKÈT

Priye pou legliz lokal yo nan rejyon Azi-Pasifik la sipòte senk Enpak NMI yo.

Priye pou Cham Sidès Azi ak Kolèj Entènasyonal Chapman pou reyalize objektif pou genyen 500 legliz, 80 sant inivèsite ak 15,000 manm konplè pou lanè 2025.



# JOU 3

# REJYON

# AZI-PASIFIK

## ISTWA LWANJ

Sa ki anba la a se yon temwayaj yon pastè Nazareyen nan Cham Sealands. Pandan tout pandemi an, li te sèvi kominote li a kòm yon pati nan “eskwadwon antèman espesyal pou KOVID-19,” ki travay byen ta nan mitan lannwit pou antere moun ki mouri akòz KOVID-19.

“Lè KOVID-19 te rive nan Endonezi e li te kòmanse afekte pèp nou an, kò yo te antere nan fason ki pa natirèl ak anti-kiltirèl. Ofisyèl gouvènman yo “te plante kò a” paske yo pat pèmet okenn manm fanmi yo vini apwoche, epi pat gen okenn pastè oswa prèt ki te apwoche ase pou yon antèman.



Lè youn nan manm fidèl nou yo te mouri akòz KOVID-19, mwen te ale nan antèman an epi mwen te gade a distans. Mwen te wè travayè yo anpile kò l’akote lòt moun, tankou si se te yon bèt, lè l sèvi avèk machin lou.

Mwen te mande pèmisyon pou antere kadav yo nan yon fason plis konpasif. Lè mwen te kòmanse, pat gen okenn prèt oswa pastè ki te vle kolekte kò pasyan KOVID-19 pozitif ki te mouri lakay yo. Mwen antere moun ki pat gen yon pastè ki te dispoze antere yo.

Travay la te vin pi difisil lè 200 moun te mouri chak jou akòz KOVID-19. Mwen remèsye Bondye paske mwen te kapab sèvi kominote mwen an nan fason sa a.”





# JOU 4

# REJYON

# EWÒP-AZI

## LWANJ

Opòtinite pou elaji edikasyon, fòmasyon, konsèy, ak fe disp atravè rejyon an.

Senyè a ap bay travayè nasyonal, nèpot kout oubyen alontèm pou rekòt la!

Pastè ki fèk òdone nan kote ki te deja pa t gen prezans Nazareyen.

Yon ekip jèn ki solid e ki konekte youn ak lòt ki soti toupatou nan rejyon an ki gen yon kè pou lapriyè ak yon dezi pou sipòte travay Bondye.

## REKÈT

Priye pou Sentespri a deplase atravè nasyon yo pou kè ak lespri yo tounen vin jwenn Bondye epi yo ka transfòme pa yon rankont ak Jezi.

Priye pou Bondye rele yon jenerasyon gason ak fi, jèn ak granmoun, pou sèvi kòm pastè ak pwofesè ki angaje nan sentete.

Priye pou kwayan yo reveye ak opòtinite pou yo ale pi lwen epi kanpe bò kote moun ki vilnerab nan kominote nou yo.



# JOU 4

## REJYON EWÒP-AZI

### ISTWA LWANJ

Jèn yo ap dirije rekòt Wayòm nan.

Anna, ki gen dizwitan, aktif nan kominote l: li mennen yon etid biblik e li te gen privilèj pou l mennen frè l nan yon relasyon etènèl ak Kris. Kounye a li se yon manm nan yon ekip fim Jezi.



Ekip li a te pataje temwayaj sa a:

“Nou selebre Jou Endependans peyi Zend ak timoun ki soti nan vwazinaj pòv yo. Nou te priye ansanm pou peyi nou an, pataje istwa libète yo ak chante. Timoun yo te eksite apre yo te tande istwa lavi reyèl konbatan

pou libète yo. Nan fen selebrasyon an, nou te fe yo konnen istwa reyèl pi gwo ewo nan mond lan pou libète. Yo te gade istwa lavi reyèl sa a, fim JEZI ak anpil enterè. Yon jèn fi ki rele Jyothi te tèlman emosyone pandan yo t ap pwojete krisifiksyon a li te kòmanse kriye. Apre sa, li te mande: “Poukisa Jezi te oblije mouri?” Ekip nou an te reponn kesyon onèt sa a epi nou te eksplike verite lanmou Kris genyen pou li ak pou nou tout. Kounye a, Jyothi ale regilyèman nan legliz ak nan lekòl Dimanch tou! Nou lwè Bondye pou Jyothi!”



**JOU 5**

# REJYON MESOAMERIK

## LWANJ

Nou mobilize plis misyonè esponsò nan yon sèl ane pase tout tan! Misyonè volontè yo te enpakte vil nou yo ak peyi nou yo, sa ki reprezante 9,273 jou ak 222,552 èdtan bay travay misyon nazareyen an.

Pandan ke anpil fwaye Nazareyen te soufri lanmò moun yo te renmen e anpil te soufri KOVID-19, plis pase 18,000 moun patisipe nan devosyonèl lapriyè sou platfòm vityèl ak an pèsòn.

Nou fè lwanj Bondye paske pandan pandemi an anpil jèn te resevwa fòmasyon nan ministè jèn. Sa a te kozè anpil jèn ann Mezoamerik rive jwenn Pawòl Bondye a epi sèvi ak zanmi yo.



Nou fè lwanj Bondye pou fini pwojè Mentora D'Inpak. Pwojè rejyonal la te vize devlope plis pase 400 lidè pou yo te ka sèvi entensyonelman kòm konseye pou nouvo jenerasyon, entegre moun ki gen yon vokasyon pastoral ak lidèchip nan pwogram edikasyon teyolojik fòmèl.

Nou lwè Bondye pou renouvèlman Legliz Nazareyen nan Rejyon Mezoamerik atravè inisyativ 80 Jou lapriyè 2021.

# JOU 5

# REJYON

# MESOAMERIK

## REKÈT

Ann priye pou nou ka voye 20 misyonè ane pwochè nan vil Mezoamerik!

Priye pou Senyè a rive sou JNI lokal yo atravè anfaz katrà JNI nan rejyon an.

Nou mande Senyè a pou legliz Mezoamerik sonje apèl la e ke Sentespri a mobilize chak Nazareyen pou akonpli Gran Komisyon an.

Priye pou legliz Mezoamerik anbrase yon lespri mentorà.

Priye pou nou pandan n ap kontinye fòme, aprann, epi mache sou Pakou Gras la.

## ISTWA LWANJ

Rejyon Mezoamerik fè lwanj Bondye pou siksè sou komansman fòmasyon disip “Pakou de Gras”. Nou te kòmanse ak yon atelye rejyonal, Doktè Scott Rainey te anseye an Angle, Espanyòl ak Fransè, nou te genyen plis pase 600 moun ki te patisipe. Atelye a te bay fòmasyon ak resous ki ka telechaje gratis. Nou kontinye aplike “Pakou Gras la” atravè klas Lekòl Dimanch, ti gwoup, fòmasyon mensyèl, ak plis atelye ki swivi. Nou kontan anpil sou rapò nou te resevwa sou yon anfaz renouvle ak pwogrè nan fe disip nan legliz lokal yo.





# JOU 6


# REJYON AMERIK DI SID

## LWANJ

Nou lwè Bondye pou pwojè bato rivyè a nan Amazon Pewouvyen an. Yo te konstwi senk bato ak objektif pou yo optimize travay misyonè ak evanjelizasyon, pou plante nouvo legliz ak ranfòse legliz yo nan distri Loreto.



Nou lwè Bondye paske nan mitan pandemi an anpil moun te reponn apèl misyonè ak pastoral e yo te kòmanse prepare. Nan dènye ane a, 17 kandida yo te apwouve kòm misyonè e kelke nan yo te deja anwaye.



Nan mitan ogmantasyon nan reyinyon vityèl yo, Bondye te ban nou zouti pou pi byen sèvi atravè platfòm dijital. Nou remèsye Bondye pou ProduSam, yon ekip pwodiksyon ki te gide konferans rejyonal vityèl yo ak ekselans.



Nou lwè Bondye pou nouvo legliz, pwen predikasyon, ak nouvo ti gwoup nan mitan yon pandemi.



# JOU 6

## REJYON AMERIK DI SID

### REKÈT

Priye pou kò pastoral ak misyonè ki te afekte pa kriz KOVID-19 la. 62 pastè te pase nan letènite jiska oktòb 2021 e anpil te blese. Nou priye pou sante emosyonèl, rekiperasyon fizik, renouvèlman esprityèl, ak pwovizyon.

Pou plan rejyon nou an genyen pou kontinye elaji Wayòm Bondye a nan zòn pyonye nan dis peyi yo nan rejyon an. Priye pou misyonè ak pastè ki te jwenn defi pou rive nan nouvo zòn sa yo.

Pou inisyativ fòmasyon rejyonal yo: IWin, ki chèche fòm lidè yo, ak Akademi Disip (ACADi), ki bay fòmasyon nan ministè legliz lokal yo. Priye pou lidè k ap sèvi jodi a ak pou moun ki pral dekouvri, fòm, epi voye nan mwa k ap vini yo pou diferan ministè nan rejyon nou an.

### ISTWA LWANJ

Mwa anvan pandemi an, lidè Paragweyen yo te rankontre pou fikse objektif pou plante nouvel legliz yo. Objektif yo te wo, plizyè fanmi misyonè te rantre nan defi a epi yo te angaje tèt yo ansanm ak lidèchip nasyonal la. Yon ti tan apre pandemi an te kòmanse, pespektiv pa t ankourajan. Sepandan, ekip sa a te kòmanse wè

men Bondye.

Tanp legliz

yo te fèmen, men pastè yo ak misyonè yo te kontinye preche, vizite, sèvi, louveri nouvo pwen predikasyon ak nouvo ti gwoup. Rezilta: 11 nouvel legliz te louveri pòt yo nan kominote a pandan pandemi an. Glwa pou Bondye!





**JOU 7**

**REJYON**

**OZETAZINI-KANADA**

**LWANJ**

Nou lwè Bondye pou 27 misyonè yo ki te voye soti depi 16 distri nan rejyon Etazini-Kanada pandan tout ane 2021. Nou remesye Bondye paske moun ki genyen apèl yo toujou ap reponn e yo kontinye menm nan moman ensèten sa yo.

Nou lwè Bondye pou Konferans Viryèl Travay ak Temwen (Work and Witness) ki te fèt nan fen ane 2021 la. 600 patisipan yo te anrejistre epi plis pase 80 koòdonatè katye yo te patisipe ak reprezantasyon tout rejyon yo. Nan de dènye ane yo, byenke nou pat kapab vwayaje entènasyonalman, preparasyon yo te fè pou lavni.

**REKÈT**

Priye pou fanmi ak kominote moun ki te mouri akòz KOVID-19 yo, lidè MNI lokal ak distri nan Etazini ak Kanada tou.

Priye pou legliz la kontinye reflekte divèsite nasyon nou yo pandan n ap bay tout legliz lokal nan rejyon resous pou konstwi Wayòm nan.

Akonpanye Rejyon Etazini-Kanada nan inisyativ lapriyè pou Mobilizè Mwatye Milyon jiska Jwe 2022 pou priye pou pwoteksyon, direksyon ak revelasyon.



**HALF-MILLION  
MOBILIZATION**

# JOU 7

# REJYON

# OZETAZINI-KANADA

## ISTWA LWANJ

Nan mwa Jwe 2021, Rankont Misyon an te gen twa lokal pou ekip yo sèvi nan rejyon Etazini-Kanada: Indianapolis, Appalachia, ak Sid Texas. Ekip entèjenerasyonel sa yo ki soti toupatou nan rejyon an te reyini ansanm pou sèvi kominote lokal yo atravè lekòl biblik vakans yo, kan espò, klinik medikal, ak kontak kominotè pou konstwi relasyon yo. Nan 2021, ekip yo te travay sou 35 pwojè nan twa kote yo ak anviwon 700 patisipan yo.



Depi 1966, Encuentro te fasilite vwayaj nan Etazini, Kanada, Meksik, Bahamas, Pòtoriko, Perou, Gwatemala, ak Kosta Rika. Plis pase 250,000 elèv ak granmoun te patisipe, sa kozè plis pase 2 milyon timoun ak granmoun tande mesaj Levanjil la atravè evènman Encuentro. Priye pou Encuentro retounen nan Apalachi yo ak Pòtoriko nan ete 2022 la.